

14 septanm

Vrè moun k ap adore yo, yo va adore Papa a nan lespri ak nan laverite. Jan 4. 23

Grasa Jezi, Ann nou toujou ofri Bondye lwanj kòm sakrifis, sa vle di, pou pawòl ki sot nan bouch nou, se non Bondye y ap deklare. Ebre 13. 15

Lwanj an gwoup

Tout kretyen yo envite pou louwe e adore Bondye. Eske li pa diy pou li resevwa tout onè ak tout glwa ?

“Ann ofri Bondye san rete yon sakrifis lwanj”. Se yon ankourajman pou nou ka toujou dispoze pou nou louwe l pèsònèlman nan lavi nou chak jou. Men, sa mennen nou tou, chak dimanch pou nou louwe l e adore l an-sanm paske li te rachte nou grasak sakrifis Pitit li a.

Lwanj nou an, se “fwi pawòl ki sot nan bouch nou” : adorasyon kretyen an pa materyèl, men li espiyèl. Ak pawòl k ap sot nan bouch nou, nou fè konnen santiman ki nan kè nou. Ak kantik, lapriyè, ak lekti kèk pasaj nan Bib la, nou ekspri ak pawòl lwanj ki sot nan kè nou devan Bondye.

“Bouch k ap deklare non li” – non Senyè Jezi. Deklare non li, se fè konnen devan tout moun, ak èd pawòl Bondye ak Sentespri a, sa li ye, Pitit Bondye ak Pitit lòm, sa ke l te fè pou Bondye Papa li e pou nou menm ke li te rachte. Se kontanple ak gwo kontanman travay redanmsyon an sou lakwa, ekspri adorasyon nou devan Bondye nan tout sans lanmò Kris la ki elimine peche, ak tout gwo doulè li yo, ak konsekans kè kontan ke sakrifis li a ban nou.

Papa a ap *chèche* moun k ap adore. Jodi a menm, “Vini non ! Ann bese tèt nou devan li, ann adore li ! Ann tonbe ajenou devan Senyè ki kreye nou an !” (Sòm 95. 6).

14

septembre

Les vrais adorateurs adoreront le Père en esprit et en vérité. Jean 4. 23

Offrons donc, par lui (Jésus), sans cesse à Dieu un sacrifice de louanges, c'est-à-dire le fruit des lèvres qui confessent son nom. Hébreux 13. 15

Louange collective

Les chrétiens sont invités à louer et adorer Dieu. N'est-il pas digne de tout honneur et de toute gloire ?

“Offrons sans cesse à Dieu un sacrifice de louanges”. C’est un encouragement à être toujours disposés à la louange individuelle dans notre vie de chaque jour. Mais cela nous conduit aussi, chaque dimanche, à le louer et à l’adorer ensemble parce que nous avons été rachetés par le sacrifice de son Fils.

Notre louange, c’est “le fruit des lèvres” : l’adoration chrétienne n’est pas matérielle, elle est spirituelle. Nous formulons de nos lèvres les sentiments de notre cœur. Par des cantiques, des prières, et par la lecture d’extraits de la Bible, nous exprimons en paroles la louange de nos cœurs devant Dieu.

“Des lèvres qui confessent son nom” – le nom du Seigneur Jésus. Confesser son nom, c’est exprimer publiquement, avec l’aide de la Parole de Dieu et du Saint Esprit, ce qu’il est, Fils de Dieu et Fils de l’homme, ce qu’il a fait pour Dieu son Père et pour nous qu’il a rachetés. C’est contempler avec émerveillement l’œuvre de la rédemption à la croix, exprimer à Dieu notre adoration devant les différents aspects de la mort expiatoire de Christ, de ses profondes douleurs, et des conséquences heureuses qui en découlent pour nous.

Le Père *cherche* des adorateurs. Aujourd’hui même, “adorons et inclinons-nous, agenouillons-nous devant l’Éternel qui nous a faits !” (Psaume 95. 6).